

BAB I BUBUKA

1.1 Kasang Tukang

Naskah drama “Odeu” karya Lugiena Dea mangrupa salah sahiji karya sastra dina wangun drama anu kungsi dipagelarkeun di acara Festival Drama Basa Sunda (FDBS) ka-19 taun 2018. Salian ti naskah “Odeu” karya Lugiena Dea, aya ogé sababaraha judul naskah drama anu dipagelarkeun ogé, diantarana: “Wanci” karya Ayi G Sasmita; “Tarung” karya N Nazarudin Azhar; “Ringkang Peuting” karya Utuy Sontani (Selamat Jalan Anak Kupur) saduran Rosyid E. Abby; jeung “Babad Alam Jaga” karya Yusef Muldiyana.

Saéstuna mah karya sastra Sunda dina wangun drama téh kawilang saeutik, upama dibandingkeun jeung karya sastra séjénna saperti carita pondok atawa novél. Kitu deui masarakat ngan saukur resep kana pintonan drama, lain kana naskah drama. Salah sahiji naskah drama nu dipagelarkeun di masarakat nyaéta naskah drama “ Odeu” karya Lugiena Dea. Ieu naskah drama eusina téh nuduhkeun pasualan dina kahirupan sapopoé. Sikep jeung émosi anu dituduhkeun ku para palakuna ngaliwatan prosés kréativitas nu ditepikeun ku pangarang ka nu maca sacara jéntré.

Naskah drama ilaharna ditulis ku pangarang ngaliwatan prosés kréatif, anu ngébréhkeun sakabéh eusi pamikiranna dina wangun karya sastra. Ku ayana prosés kréatif ogé bakal ngahasilkeun prosés imajinatif, anu tujuanna pikeun ngawuwuhan ajén éstétik dina hiji karya sastra. Nurutkeun Isnendes (2010, kc. 11) sastra mangrupa salah sahiji karya seni anu ilaharna digelarkeun ngagunakeun alat basa, sarta karya sastra anu mangrupa karya seni diciptakeun pikeun ngolah unsur kaéndahan. Kitu deui upama naskah drama dipagelarkeun, tangtu bakal leuwih karasa lengkep jeung sampurna, sabab bakal katilik dina paripolahna, posisi, isarah, jeung éksprési anu dipintonkeun dina panggung.

Dumasar kana période gelarna, sastra Sunda dibagi jadi dua jenis, nya éta sastra heubeul jeung sastra modérn. Jenis sastra heubeul di antarana aya wawacan, guguritan, sisindiran, mantra, kakawihan, jeung carita pantun. Sedengkeun sastra

modérn di antarana novel, carpon, sajak, jeung drama. Ditilik kana wangunna, sastra dibagi jadi tilu rupa, nya éta prosa, puisi, jeung carita drama.

Nilik pedaran di luhur yén drama téh kaasup salah sahiji jenis karya sastra modérn. Drama nyaéta wangun karya sastra anu dipintonkeun ku aktor. Dina Isnendes (2010, kc. 75) drama nyaéta karangan sastra nu midangkeun carita atawa lalakon dina wangun dialog jeung dilakonkeun ku aktor dina pagelaran drama. Salian éta, drama ogé mangrupa karya sastra anu ngungkabkeun carita ngaliwatan dialog-dialog tokohna (Koswara, 2010, kc. 11).

Drama téh jadi salah sahiji karya sastra dina wangun paripolah manusa anu di jerona miboga konflik carita, anu satuluyna dipagelarkeun ku aktorna dina wangun paguneman. Ku ayana konflik dina carita, tangtu bakal katitén sikep jeung paripolah ti diri palakuna anu hasil prosés kreatif ti diri pangarang. Ilaharna pangarang téh dina nangtukeun kapribadian unggal palaku téh hasil tina niténan kahirupan nyata, boh kahirupan sosial boh kahirupan pribadi. Pangarang ogé bakal méré karakter ka unggal palaku, nu diwangun ku ayana émosi dasar.

Saéstuna mah karya sastra téh aya patalina jeung psikologi, kitu deui dina naskah drama. Nurutkeun Minderop (2018, kc.54) psikologi sastra nyaéta talaah sastra anu nembongkeun prosés jeung aktivitas kajiwaan. Luyu jeung pamadegan di luhur, hal-hal anu ditalaah téh para palaku anu kagambar ku unggal kapribadianna, ngaliwatan sikep jeung paripolah dina runtuyan caritana. Nurutkeun Mutmainna, spk., (2021, kc. 266) para panalungtik sastra nganggap yén psikologi sastra téh saenyana mah dianggap hiji kajian nu kawilang hésé, sabab panalungtik kudu nilik tur nitén manusa tina sisi jiwana. Ieu hal luyu jeung pamadegan ti Endraswara (2008, kc. 14) yén psikologi sastra téh sabenerna mah nalungtik manusa tina sisi kapribadian jiwana.

Nurutkeun Freud (dina Wiyatmi, 2011, kc. 11), téori kapribadian dibagi jadi tilu: 1) *id* mangrupa kaayaan subjektif primer, dunia batin sacara individu miboga pangalaman ngeunaan lingkungan luar, 2) *ego* anu miboga tugas pikeun ngontrol *id*, sedengkeun 3) *superego* eusina ngeunaan ébréhan haté. Dumasar pedaran di luhur, naskah drama “Odeu” karya Lugiena Dea miboga karakter nu kuat ditilik tina jihad psikoanalisis anu museur kana tokoh utamana.

Émosi téh salah sahiji hal anu penting dina ngawangun eusi sagemblengna, komo deui dina naskah drama anu sakitu réana maénkeun émosi. Unggal palaku téh miboga émosina séwang-séwangan anu jadi ciri husus ti unggal palakuna. Nurutkeun Krech (dina Minderop 2018, kc. 39) yén kabungah, kaambek, kasieun, jeung kasedih téh dianggap minangka émosi anu paling dasar (*primary emotions*). Saenyana mah sakabéh manusa tangtu miboga opat émosi dasar. Ieu panalungtikan ogé medar leuwih teleb émosi dasar ti palaku utama nu aya dina naskah drama “Odeu” karya Lugiena Dea, nya éta: (1) kabungah, (2) kaambek, (3) kasieun, jeung (4) kasedih.

Salian éta, panalungtik ogé ngagunakeun ulikan séjénna sangkan ieu panalungtikan téh leuwih lengkep tur sampurna dina runtuyan caritana, anu ngagunakeun ulikan struktural. Nurutkeun Koswara (2013, kc. 16) strukturalisme téh karya sastra anu ma'nana ngan ukur dititén tina unsur-unsur instrinsikna wungkul. Ieu panalungtikan nyoko kana tiori Robert Stanton. Nurutkeun Stanton (dina Isnendes, 2010, kc. 92) yén karya fiksi unsur-unsurna nu ditambahan ku unsur pamohalan nu nyangkaruk dina drama, sarta diwangun ku téma, fakta carita (alur, tokoh, latar), jeung sarana carita.

Sacara singget, ieu naskah drama téh nyaritakeun Wardi jeung Mirka waktu mimitina ancrub kana widang téater. Anu asalna teu bisa kana akting nepi ka bisa akting, tuluy mintonkeun salaku tokoh utama. Satuluyna, Wardi jeung Mirka téh mindeng nyieun hiji pintonan hasil diajar ka guruna anu geus maot. Hiji mangsa Wardi jeung Mirka nyieun hiji pintonan nu pamungkas, lantaran éta gedong kasenian téh bakal diruntagkeun, rék dijadikeun mol. Ieu hal mangaruhan psikologis Wardi jeung Mirka, lantaran manéhna geus teu bisa midangkeun deui téater di éta gedong. Gedong éta téh jadi saksi hirup Wardi jeung Mirka dina widang téater.

Anu jadi tinimbangan dipilihna naskah drama “Odeu” karya Lugiena Dea pikeun bahan panalungtikan, lantaran dina runtuyan jeung eusi caritana raket pisan patalina jeung psikologi, boh tina sisi kapribadianna boh tina émosi anu dititén dina paguneman-paguneman antara tokohna, hususna ti unggal tokoh utamana anu bakal leuwih ditalungtik.

Ku kituna, éta pasualan téh kudu ditalungtik ngagunakeun ulikan struktural jeung psikologi sastra. Satuluyna ieu panalungtikan téh miboga mangpaat pikeun para seniman anu ngulik widang téater, hususna sutradara. Sabab, kapaluruh kumaha alur caritana, kapribadian ti unggal palaku utamana, jeung émosi-émosi anu nyangkaruk dina naskah drama “Odeu” karya Lugiena Dea upama ieu naskah téh dipagelarkeun.

Saacanna kungsi aya sababaraha panalungtikan anu sawanda jeung ieu panalungtikan, di antarana: “Naskah Drama *Manusa Jero Botol* Saduran Rosyid É. Abby (Ulikan Struktural jeung Psikologi Sastra) ku Tina Wiarsih (2018); “Ulikan Struktural jeung Psikologi Sastra dina Naskah Drama *Sémah* Saduran Rosyid É. Abby” ku Tubagus Panji Rahmat Handian (2019); “Ulikan Struktural jeung Psikologi Humanistik dina Naskah Drama *Tukang Asahan* Karya Wahyu Wibisana” ku Salma Fakhira (2021); “Ulikan Struktural jeung Psikologi Sastra dina Naskah Drama “Dayeuh Simpé” Karya Lugiena Dea” ku An’nur Rifki Rustandi (2022).

Saéstuna panalungtikan dina kajian psikologi sastra geus kawilang réa, sakumaha anu geus ditétélakeun sababaraha panalungtikan saméméhna. Tapi dina ieu panalungtikan aya bébédana, anu ditilik tina objék jeung ulikanna. Sabab ieu panalungtikan objékna naskah drama “Odeu” karya Lugiena Dea, tuluy ayana ulikan ngeunaan émosi dasar. Satuluyna, ieu panalungtikan dijudulan Naskah Drama Odeu Karya Lugiena Dea (Ulikan Struktural jeung Psikologi Sastra).

1.2 Rumusan Masalah

Dumasar kasang tukang nu geus dipedar, masalah dina ieu panalungtikan saperti ieu di handap.

- 1) Kumaha struktur carita jeung struktur naskah drama “Odeu” karya Lugiena Dea?
- 2) Kumaha tokoh utama dina naskah drama “Odeu” karya Lugiena Dea dina tilikan psikologi sastra Sigmund Freud jeung David Krech?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Luyu jeung masalah di luhur, ieu panalungtikan miboga tujuan anu kabagi jadi tujuan umum jeung tujuan husus.

1.3.1 Tujuan Umum

Sacara umum, ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun ngaguar jeung maluruh aspék-aspék psikologi sastra anu nyampak dina naskah drama “Odeu” karya Lugiena Dea, anu satuluyna bisa ngarojong kana pangaweruh widang sastra.

1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun ngadéskripsikeun:

- 1) Struktur carita jeung struktur naskah drama anu aya dina naskah drama “Odeu” karya Lugiena Dea.
- 2) Karakteristik tokoh utama dumasar kana pamarekan psikologi sastra Sigmund Freud jeung David Krech anu aya dina naskah drama “Odeu” karya Lugiena Dea.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

1.4.1 Mangpaat Téoritis

Ieu panalungtikan dipiharep méré mangpaat pikeun nambahan pangaweruh jeung kamekaran élmu sastra, hususna dina karya sastra naskah drama “Odeu” karya Lugiena Dea. Utamana nu disawang tina pamarekan psikologi sastra dina naskah drama.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Mangpaat praktis ieu panalungtikan kayaning di handap:

- 1) Pikeun panalungtik, ayana pangalaman sarta ngeuyeuban pangaweruh ngeunaan karakteristik tokoh dina karya sastra;
- 2) Pikeun lembaga atikan, ieu hasil panalungtikan bisa jadi bahan tinimbangan pikeun dijadikeun sumber anu aya patalina jeung ulikan struktural jeung psikologi sastra; jeung
- 3) Pikeun masarakat, dipiharep bisa nambahan wawasan jeung pangaweruh, hususna pikeun masarakat anu aya di lingkungan téater ngeunaan naskah drama “Odeu”.

1.5 Raraga Mikir

Dina raraga tulisan dipedar ngeunaan struktur sistematika nulis skripsi, diantarana.

Bab I Bubuka. Dina ieu bab ngawengku kasang tukang panalungtikan, rumusan masalah, tujuan umum jeung tujuan husus dina panalungtikan, mangpaat téoritis jeung mangpaat praktis, jeung raraga tinulis.

Bab II Ulikan Tiori. Dina ieu bab diguar ngeunaan drama, naskah drama, tiori strukturalisme, tiori psikologi sastra, tiori psikoanalisis kapribadian Sigmund Freud, jeung tiori papasingan émosi David Krech. Tiori anu digunakeun pikeun nganalisis luyu jeung kabutuhan dasar, sarta bisa ngadéskripsikeun dina wangun hasil panalungtikan. Dumasar kana kasang tukang panalungtikan, masalah-masalah anu jadi patalékan, sarta luyu jeung objék kajian panalungtikan.

Bab III Méthode Panalungtikan. Dina ieu bab dipedar ngeunaan désain panalungtikan, sumber data panalungtikan, instrumén panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, jeung téhnik analisis data.

Bab IV Hasil jeung Pedaran. Dina ieu bab dipedar ngeunaan analisis struktural jeung psikologi sastra dina naskah drama “Odeu” karya Lugiena Dea katut pedaranana.

Bab V Kacindekan, Implikasi, jeung Rékoméndasi. Dina ieu bab dipedar ngeunaan kacindekan panalungtikan. Implikasi jeung rékoméndasi méré saran pikeun panalungtik saterusna sangkan panalungtikan téh leuwih mundel.